

Itilizasyon Transpò Medikal MassHealth

Fason l mache:

1. MassHealth apwouve Preskripsyon Transpò w la (PT-1).
2. Yo voye apwobasyon an pa faks bay **Konpayi Transpò** nan zòn ou an. Konpayi Transpò sa a ap planifye trajè w yo.
3. Konpayi transpò a ka itilize lòt **Founisè** transpò. Founisè yo se yo ki mennen w kote w prale a an reyelite. W ap toujou gen menm Founisè a pou trajè ale-retou nan yon jounen, men ou ka gen sa ki diferan nan lòt jou.
4. MassHealth ap voye yon lèt pou ou ki di ou apwouve e k ap ba w enfòmasyon kontak Konpayi Transpò a. Oswa ou ka rele MassHealth pou w jwenn enfòmasyon kontak la – MassHealth 800-841-2900.

Remak: MassHealth ap pèmèt transpò ale ak soti nan adrès ki sou PT-1 an sèlman. Si w gen yon randevou medikal nan yon lòt adrès, ou dwe gen yon nouvo PT-1 pou adrès sa a.

Pou w Planifye yon trajè w:

1. **Rele Konpayi Transpò a omwen 3 jou OUVRAB alavans.**
2. **Si randevou w la ka fini apre 5 p.m., di Konpayi Transpò a sa alavans.** Yo bezwen konnen pou yo ka itilize Founisè ki travay apre 5 p.m.
3. Ou ka planifye transpò alavans depi fòmilè PT-1 w lan valid.

Pou w anile trajè w la:

Ou dwe rele konpayi transpò w la pou w anile yon vwayaj omwen inèdtan anvan lè y ap vin chèche w la (gade anba paj ki apre a pou enfòmasyon kontak).

Si w pa anile yon transpò nan yon lè rezonab, w ap resevwa penalite ak yon "absans". Apre 3 "absans" Konpayi Transpò w la ka fèmen kont ou pandan yon tan.

Kontwole tan trajè w la:

- Konpayi Transpò w la ap di w lè y ap vin chèche w lè w pran randevou a. Se pou w konnen pifò transpò yo gen lòt moun ladan yo, donk ou ka pase pran lòt moun sou wout la.
- Ou dwe pare epi ap tann 15 minit anvan lè y ap vin chèche w la. Si randevou medikal ou a se a 9:00 a.m., epi lè y ap vin chèche w la se a 8:00 a.m., ou ta dwe pare epi ap tann disi 7:45 a.m.

- **Founisè a gen dwa rive jiska 15 minit APRE lè li gen pou l vin chèche w la.** Si lè pou yo vin chèche w la se 8:00 a.m., transpò w la anreta si l vin apre 8:15 a.m. Asire w ou tann tout 15 minit apre lè pou yo pase pran w lan anvan w rele Konpayi Transpò a.

Opsyon pou transpò pou w al lakay ou a:

1. Ou ka planifye lè founisè a ap vin chèche w nan lopital la pou trajè pou w al lakay ou a. Pou w ka pa gen pwoblèm, kite anpil lè anplis. Si se pa sa, si randevou w la ap anreta, Founisè w la **p aptann** ou, e w ap rete san w pa gen transpò pou w ale lakay ou.
2. Oswa di Konpayi Transpò a w ap rele lè w pare pou w ale lakay.
 - Founisè a ap atann li pou l vin chèche w nan espas 1 èdtan apre w fin rele.
 - Rele kou w pare e w ap tann (**apre** vwayaj sa pou w al nan magazen kado a, kafeterya, oswa twalèt).

Pwofesyonèl Medikal ki mache avè w ak Timoun:

- W ap ka ale ak yon pwofesyonèl medikal sèlman si sa mansyone nan PT-1 w lan.
- Ou ka mache ak yon timoun sèlman si l gen mwens pase 18 an e ou t ap kite l poukont li.
- **Nan toude sitiyasyon yo ou dwe di Konpayi Transpò a sa alavans** pou yo ka kite plas nan machin nan.

Pwoblèm:

Si w gen yon pwoblèm ou pa ka rezoud poukont ou, rele Konpayi Transpò a epi pale ak depatman plent lan (gade nimewo ki pi ba yo).

Konpayi Transpò w la se:



MART 1-800-854-9928



GATRA 1-800-431-1713